

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Métode Panalungtikan

Métode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Dumasar kana tujuan anu dihontal, métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode kualitatif anu ngagunakeun pamarekan étnografi.

Métode kualitatif dipaké dina ieu panalungtikan jeung pamahaman, dumasar kana métodologi anu nalungtik hiji fénoména sosial jeung masalah manusa. Dumasar ieu pamarekan panalungtik nyieun gambaran kompléks jeung ngalakukeun studi dina hiji situasi anu kaalaman, (Creswell, 1998:15). Métode kualitatif mangrupa prosédur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif mangrupa kecap-kecap tinulis atawa lisan jeung paripolahna ti jalma-jalma anu keur ditalungtik, Bogdan dan Taylor (Moleong, 2007:3).

Analisis kualitatif dilaksanakeun pikeun maham ngeunaan istilah *tukuh Ciburuy* sakumaha nu dipertélakeun ku para ahli atawa masarakat di luar Kabuyutan sakumaha anu kapanggih dina rupa-rupa réperénsi jeung pamadegan masarakat di lingkungan adat Kabuyutan sorangan. Salian ti éta, dilaksanakeun dokuméntasi jeung déskripsi sajembar-jembarna rupaning adat, tali paranti, atawa kabiasaan di Kabuyutan Ciburuy anu ngawakilan atawa ngaréprésentasikeun sikep atawa pamadegan anu taat kana adat, kukuh pengkuh dina ngajaga jeung miara

warisan karuhun. Data nu diperlukeun dikumpulkeun ngaliwatan téhnik observasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Saluyu jeung métode panalungtikan, data nu diperlukeun dikumpulkeun ngagunakeun téhnik obsérvasi, wawancara, dokuméntasi jeung ngarékam.

- 1) Téhnik Observasi, dilaksanakeun pikeun nalungtik langsung kaayaan lingkungan sabudeureun *Situs Ciburuy*, ngadatangan kuncén, ngimeutan rupaning kaayaan jeung situasi anu lumangsung di Kabuyutan, jeung ngimeutan rupa-rupa hal anu aya pakaitna jeung konsép *Tukuh Ciburuy*. Hal-hal anu diimeutan ngawengku rupaning adat, tali paranti, atawa kabiasaan di Kabuyutan Ciburuy anu ngawakilan atawa ngaréprésentasikeun sikep atawa pamadegan anu taat kana adat, kukuh pengkuh dina ngajaga jeung miara warisan karuhun. Sangkan bisa meunangkeun informasi anu jéntré, obsérvasi dilaksanakeun kalawan dituyun ku narasumber nu miboga pangaweruh jembar luyu jeung masalah panalungtikan;
- 2) Téhnik Wawancara, nya éta téhnik anu dilaksanakeun ngaliwatan komunikasi langsung jeung masarakat salaku informan nu aya di Kampung Ciburuy, ku cara ngalaksanakeun wawancara jeung para informan. Padoman wawancara disusun dumasar kecap-kecap konci, hasil wawancarana teu terstruktur nepi ka hasilna perlu diwilah-wilah atawa dipilih luyu jeung masalah panalungtikan;
- 3) Téhnik Dokuméntasi, mangrupa téhnik pikeun meunangkeun data nu patali jeung tujuan panalungtikan, ngawengku data primér jeung data sékundér nu

dicangking ku cara niténan barang-barang sajarah, catetan-catetan, jeung dokuméntasi budaya anu aya di Kabuyutan Situs Ciburuy; jeung

- 4) Téhnik Ngarékam, nya éta pikeun meunangkan data anu maksimal, ngagunakeun alat pangrékam, sangkan hasil panalungtikan katingali atawa kadéngéna jelas.

3.3 Ngumpulkeun Data dina Panalungtikan Étnografi

Data dina panalungtikan étnografi pangpangna dicangking ngaliwatan prosés ngumpulkeun data dina studi lapangan (*fieldwork*) ku cara obsérvasi partisipatif, wawancara, jeung analisis artéfak.

- a) *Observasi* mangrupa prosés niténan sacara langsung objék panalungtikan pikeun meunangkeun atawa nyangking pangaweruh perkara nyampakna objék, situasi, kontéks, jeung ma'nana. Observasi bisa dilaksanakeun kalawan partisipatif, nya éta stratégi observasi pikeun nyangking kaakraban nu deukeut jeung jero antara panalungtik jeung kelompok masarakat nu ditalungtikna sacara inténsif jeung alami. Dina prakna obsérvasi partisipatif, aya sawatara peran nu bisa dilakonan ku panalungtik, nya éta:
 - 1) partisipasi gembleng;
 - 2) partisipasi salaku panitén;
 - 3) panitén salaku sponsor; jeung
 - 4) panitén sacara gembleng.
- b) *Wawancara* mangrupa téhnik ngumplkeun data pikeun nyangking informasi ku cara digali langsung ti sumberna ngaliwatan dialog atawa tanya jawab.

Dina panalungtikan étnografi, wawancara biasana sipatna jero sangkan informasi nu dicangking téh bisa diékplorasi kalawan gembleng jeung écés.

Wawancara jero ogé patali jeung kontéks obsérvasi partisipatif.

- c) *Analisis Artéfak* bisa ogé disebut studi dokuméntasi, dilaksanakeun ku cara maluruh, niténan, jeung ngama'naan sumber-sumber dokuméntasi nu nyampak.

Sangkan hasil atawa kacindekan nu dicangking leuwih gembleng jeung valid, dina panalungtikan étnografi perlu ayana triangulasi. Triangulasi dilaksanakeun pikeun mariksa data atawa informasi nu dicangking tina rupa-rupa sumber data kalawan ngamangpaatkeun kombinasi rupa-rupa métode.


3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Alat pangrékam (*handycam*);
- 2) Padoman wawancara;
- 3) Angkét; jeung
- 4) Kaméra.

3.5 Lokasi Panalungtikan

Lokasi nu jadi obyék ieu panalungtikan nya éta Kampung Ciburuy, Desa Pamalayan, Kacamatan Bayongbong, Kabupatén Garut. Sangkan leuwih jéntré, lokasi panalungtikan bisa dititénan dina peta sakumaha ieu di handap.



Gambar 3.1: Peta Situs Kabuyutan Ciburuy

3.6 Nara Sumber

Narasumber atawa informan nya éta pihak-pihak anu ngarojong lancarna panalungtikan, nu méré informasi atawa keterangan ngeunaan hal-hal anu diperlukeun dina panalungtikan. Panalungtik kudu bisa nepikeun sawatara pertanyaan kalawan sistematis, sangkan narasumber nu diwawancara bisa

ngajawab sarta ngajelaskeun kalawan jéntré tur daria. Tapi panalungtik ogé kudu nyadiakeun waktu anu salsé pikeun ngawawancara kuncén jeung narasumber séjenna. Sabab lamun teu aya ijin ti kuncén, panalungtik moal bisa meunangkeun informasi atawa keterangan-keterangan anu akurat. Lamun panalungtik ujug-ujug datang ka éta tempat, pasti kuncenna can siap nyaritakeun kaayaan situs sacara gembleng, lantaran kuncén leuwih apal mana anu kudu dijawab mana anu henteu perlu dijawab.

Informasi nu diperlukeun patali jeung *tukuh Ciburuy* disungsi ku cara nalungtik langsung ka éta tempat jeung ngalakukeun wawancara ka sawatara pihak, di antarana kuncén, masarakat, jeung tokoh.

1) Kuncén (nu ngajaga situs Kabuyutan Ciburuy).


Kuncén téh juru kunci nu nyaho kumaha kaayaan di situs Kabuyutan Ciburuy. Kuncén situs téh ngaranna Ujang Nana Sumpena, ieu Kuncén téh kaasup entragan nu ka-199. Saméméh Ujang, entragan nu ka-198 nya éta Abah Engkon, ramana Ujang. Ceuk dina aturan, anu kudu jadi kuncén téh nya éta anu masih katalian getih atawa masih saturunan. Jadi kuncén téh henteu sagawayah dipilih,tapi ieu hiji amanat anu dilungsurkeun ku kuncén saméméhna. Jadi teu meunang dipikahayang ogé teu bisa diulah-ulah. Lamun ceuk kuncén saméméhna nunjuk ka salah sahiji budakna, hartina kudu nampa, tan ngarasa kapaksa. Sanajan anak kuncén téh aya salapanna tapi dilungsurkeunna ka anak nu pangleutikna nya éta Kang Ujang téa. Kawilang langka nu jadi kuncén umurna ngora, saperti ieu Kang Ujang, ti sawatara kuncén saméméhna Kang Ujang kaasup kuncén pangorana. Jadi kuncén teu

meunang sakadaék, kudu narima kalawan ihlas. Kuncén kacida tukuhna kana éta aturan, sanajan anu nalungtikna pejabat luhur tetep kuncén nyepeng kana aturanana.

- 2) Masarakat Kampung Ciburuy, nu geus kaasup mayoritas masarakat anu tukuh.
- 3) Tokoh nu dipercaya jeung nyaho kana rupa-rupa nu sok dilakukeun ku masarakat Ciburuy, utamana ngeunaan tradisina.

3.7 Analisis Data

Data hasil panalungtikan dianalisis sacara déskripif-kualitatif. Data dianalisis sacara langsung tina hasil obsérvasi jeung wawancara, nu dilaksanakeun luyu jeung masalah tur tujuan panalungtikan. Léngkah-léngkahna ngawengku réduksi data, midangkeun data, katut nyindekkeun jeung vérifikasi, nu dilaksanakeun sacara babarengan, sakumaha bagan ieu di handap.



Bagan 3.1: Téhnik Analisis Interaktif (Miles jeung Huberman, 1992:16)

Saméméh dianalisis, data nu geus dikumpulkeun téh diklasifikasikeun ngaliwatan téhnik-téhnik sakumaha anu geus disebutkeun di luhur. Sabada diklasifikasikeun, data diréduksi ngaliwatan prosés séléksi, museurkeun, ngabasajankeun, jeung abstraksi data kasar. Data téh diséléksi ku jalan milah-milah kalawan tujuan meunangkeun ma'na jeung fungsi nu tangtu ditilik tina puseur pasualan panalungtikan. Sedengkeun midangkeun data mangrupa hiji prosés nyusun (ngarakit) atawa ngaorganisasikeun informasi, nu kapaluruh patali jeung kagiatan nyindekkeun jeung vérifikasi.

Kagiatan nyindekkeun jeung vérifikasi mangrupa léngkah nu didadasaran ku kagiatan ngaorganisasikeun informasi nu dicangking dina kagiatan analisis data. Sabada éta, dilaksanakeun tafsiran intéléktual kana kacindekan-kacindekan nu dicangking, pikeun méré gambaran nu gembleng perkara adat, tali paranti, atawa kabiasaan di Kabuyutan Ciburuy anu ngawakilan atawa ngaréprésentasikeun sikep atawa pamadegan anu taat kana adat, kukuh pengkuh dina ngajaga jeung miara warisan karuhun. Bebeneran data satuluyna dianalisis ngaliwatan triangulasi, ku cara ngabandingkeun data nu dicangking jeung data-data ti sumber lianna nu patali jeung tujuan panalungtikan.